


Bibiliya y' Abana Ishikirije

Umwana W'icangazi



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
Lazarus; Alastair Paterson


Itunganywa na: Ruth Klassen; Sarah S.

Isobanurwa mu Kirundi na:
Manurakoze Pacifique

Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.


Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.



Yesu yarakunda kubwira abantu
ikigongwe c'Imana. Ariko abakuru
b'ishengero baridogera ubucuti
Yesu agiriranira n'abanyavyaha.


Maze Yesu aca ababwira
inkuru zitatu kugira ngo
abereke ko Imana
inezerwa cane igihe
abanyavyaha bicujije
ivyaha vyabo
bakabivamwo.

Inkuru yambere yari iy'umuntu yari afise intama ijana. Imwe muri izo ntama irazimira. Ubwonyene, umwungere aca asiga intama 99 aja kurondera imwe yazimiye.



3

Umwungere aja kurondera intama yazimiye gushika ayibonye. Hanyuma aca ayishira kubitugu akayitahana iwe anezerewe. Azobwira abagenzi biwe ati:




4

Yesu asigura ko mw'ijuru haba umunezero mwishi iyo umunyavyaha umwe yihanye. Kwihana bisigura kubabazwa n'ivyaha vyawe, ukavyicuza kandi ntusubire kubikora!



5

Inkuru yakurikiye yari iy'umugore yari afise intete cumi z'amafaranga, birashoboka ko aribwo butunzi bwose yari afise. Ikintu kibabaje caramushikiye. Rimwe muri za ntete z'amahera yiwe ryaratakaye.




6

Kubura! Kubura! Kubura! Umugore arondera hose. Arahava arabona rya faranga ryatakaye. Aca aranezerwa cane. Woshobora kumenya ico yaciye akora amaze kubona ifaranga ryiwe? Ego, yaciye abibwira abagenzi biwe bose.



7

Yesu yongera kuvuga ati: "Haba umunezero mubamalayika b'Imana kubw'umunyavyaha wese yihanye."




8

Inkuru igira gatatu yari inkuru ibabaje munkuru Yesu yariko aravuga. Iyo nkuru yari iy'umwana yavuye munzu y'umuvyeyi wiwe.




9

Mugihugu ca kure, uwo mwana asesagura n'ubujuju bwishi amafaranga yose yari afise. Ubu yoba yari asigaje gukora iki? Munyuma hateye inzara, ica iza ituma ibintu bikomera cane kuri we.



10

Yihebuye, uwo mwana aca aronka akazi: kugaburira ingurube. Ariko ntamuntu yamuha ivyo afungura. Yaca afungura inrya z'ingurube. Birashoboka ko arivyo yakoze! Munyuma uwo muhungu atangura kwiyumvira ati: "Kwa data n'abakozi biwe bararya bagasigaza."




11

"Ngira nsubire kwa data ndamubwire ko mbabajwe n'ivyaha nakoze. Singikiwiye kuba umwana wiwe. Ndizeye ko azonyemera akangira umukozi wiwe."




12

Mugihe uwo mwana yari akiri kure yo muhira iwabo, se amubona ariko araza. Anezerewe, se aca ariruka aja kumusanganira. Aca amurwa munda aramugumbira.



13

"Data, naracumuye. Singikiwiye kwitwa umwana wawe." Uwo mwana yashaka gusaba se wiwe ngo amwemerere abe umukozi wiwe. Ariko se wiwe aca aramuhagarika aravuga ati: "Ni munzanire umwambaro mwiza cane, ibirato hamwe n'impeta nambike umuhungu waje. Kandi muce mutegura inzimano nziza kandi nyishi."



14

Haciye haba umusi mukuru uhambaye kuko umwana yari yazimiye yari agarutse. Yesu ababwira iyo nkuru

kugira ngo abereke ko Imana ikunda kwakira abanyavyaha iyo bihanye bakaza kuri yo.



15

Umwana W'icangazi

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Luka 15

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco, guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130

16

Iherezo

45



60

17

Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuvyerekeye Imana yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi: Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu bugingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

18